

<i>Moun k ap pote plent la Pwopriyetè a kont</i>	Tribunal Sivil Vil New York – Konte Dosye Nimewo Nimewo Dosye Marechal
<i>Moun yo pote plent kont li a Lokatè a ak Sou-lokatè</i>	Non ak Nimewo Badj Marechal Vil la: Adrès: Telefòn

AVI KONSÈNAN DEGÈPISMAN – 14 JOU

Lokatè a oswa lokatè yo ki nonmen anwo a:

Tribinal la te ba yon manda pou degèpisman. Si ou pa soti nan kay adrès li anwo a nan **KATÒZ JOU** apre dat ki sou avi sa a, YO KA METE OU DEYÒ, SAN OU PA RESEVWA OKENN LÒT AVI NAN JOU **TRAVAY KI VINI APRE A** oswa nan nenpòt ki jou travay apre sa. « Jou Travay se lendi jiska vandredi, sof pou jou ferye legal yo.

KIJAN MWEN KA BLOKE DEGÈPISMAN SA A ?

- SÈL fason ou ka bloke degèpisman sa a se ak yon lòd Tribunal avan degèpisman an ki (1) kanpe degèpisman w la tanporèman oswa (2) anile yon manda paske ou pa te peye lwaye kay la, apre ou te fè yon depo oswa peman ak Tribunal la pou tout lajan ou dwe pou lwaye a.
- Ou ka aplike pou lòd sa a nan Tribunal Sivil la, pati Pwopriyetè-Lokatè a, nan minisipalite ou. W ap jwenn enfòmasyon pou kontakte Tribunal yo nan lyen ki anba la a.
- Si yo ba ou li, yon sispanson tanporè pral bloke degèpisman an jiskaske sispanson an fini oswa Tribunal la anile li.

KISA K AP FÈ YO METE MWEN DEYÒ?

- **Si ou pa fè anyen pou reponn avi sa a, yo ka mete ou deyò san ou pa jwenn okenn lòt avi.**
- Si yon tribunal te deja pase lòd pou yo mete ou deyò si ou pa fè yon peman oswa ou pa konfòme ak lòd Tribunal la avan yon sèten dat, yo ka mete ou deyò san okenn lòt avi paske ou pa te peye oswa ou pa te konfòme ak lòd Tribunal la.

KIJAN POU MWEN FÈ POU M JWENN ÈD?

- Minisipalite Vil New York la ofri sèvis jiridik gratis pou lokatè ki gen pwoblèm degèpisman. Rele 718-557-1379 pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou w ka jwenn èd jiridik gratis. Gen sèvis entèprèt gratis.
- Si ou se depandan yon moun ki nan sèvis militè Etazini, di grefye Tribunal la sa san pèdi tan pou yo ka pwoteje dwa ou yo. W ap jwenn enfòmasyon pou kontakte grefye a nan lyen ki pi ba a.
- Gen posiblité pou Depatman Sèvis Sosyal ede ou ak lajan ou dwe oswa lòt kalite èd. Rele 718-557-1399 oswa 311 pou jwenn plis enfòmasyon. Gen sèvis entèprèt gratis.

Dat Avi a†

Pi Bonè Dat Degèpisman an

Plis Enfòmasyon
nyc.gov/doit/evictions (212) 709-7900]

驱逐通知 - 更多信息

Уведомление о выселении: дополнительная информация

উচ্ছবের সমন – আরও তথ্যের জন্য

إشعار إخلاء – مزيد من المعلومات

انخلاء كا نوشن – مزيد معلومات

驅逐通知 - 更多資訊

Avi Konsènan Degèpisman: plis enfòmasyon

퇴거 통지 – 자세한 정보

Avis d'expulsion: plus d'informations

Powiadomienie o eksmisji: dodatkowe informacje

†Dat ki sou avi sa a dwe dat yo bay moun nan avi a oswa apresa.